


Planifikasyon pou chape nan kay la

Planifye alavans! Si yon dife pran lakay ou, ou ka gen sèlman kèk minit pou soti an sekirite lè detektè lafimen an ap sonnen. Tout moun dwe konnen sa pou yo fè ak kote pou yo ale si dife pran nan kay la.



KÈK KONSÈY SOU SEKIRITES

- » FÈ yon plan pou kite kay la vit. Trase yon kat kay ou ki montre tout pòt yo ak fenèt yo. Diskite sou plan an avèk tout moun ki lakay ou.
- » KONNEN omwen de (2) kote pou soti deyò nan chak chanm, si li posib. Asire w tout pòt ak fenèt ki mennen deyò a louvri fasil.
- » DESIDE yon kote pou rankontre deyò (tankou yon pyebwa, yon poto limyè oswa yon bwatalèt) ki nan yon distans ki gen sekirite avèk kay la kote tout moun ta dwe rankontre.
- » PRATIKE antrènman pou kite kay ou vit si dife ta pran lannwit kou lajounen avèk tout moun ki lakay ou, de (2) fwa chak ane.
- » PRATIKE antrènman an avèk diferan fason pou soti deyò.
- » MONTRE timoun yo kijan pou yo deplase vit poukont yo sizoka ou pa kapab ede yo.
- » FÈMEN pòt yo deyò ou pandan w ap deplase.

SI DETEKTÈ LAFIMEN AN SONNEN...

- » Si detektè lafimen an sonnen, SOTI DEYÒ EPI RETE DEYÒ. Pa janm retounen andedan an pou al chèche moun oswa bèt kay.
- » Si ou dwe pase nan lafimen an pou soti deyò vit, BESE BYEN BA EPI ALE anba lafimen an nan kote pou soti a.
- » RELE departman ponpye pandan ou deyò kay ou.

PWEN ENPÒTAN

- ! Yon pòt ki fèmen ka ralanti lafimen, chalè, ak dife k ap simaye. Enstale alam lafimen andedan chak chanm ak deyò chak chanm. Enstale alam yo nan chak etaj kay la. Alam lafimen yo ta dwe konekte youn ak lòt. Lè yon alam lafimen sonnen, yo tout ap sonnen.
- ! Dapre yon sondaj NFPA, se sèlman **youn sou chak twa (3)** fanmi ameriken ki kreye yon plan pou kite kay yo vit e ki fè antrènman ak plan sa a sizoka dife pran nan kay yo.
- ! **Yon tyè** fanmi ameriken ki te fè yon estimasyon te panse yo te ka gen omwen 6 minit anvan yon dife ki pran lakay yo ta vin menase lavi yo. Leplisouvan pa gen tout tan sa a pour soti nan kay la. Epitou sèlman 8% ladan yo di premye sa yo panse lè yo tande yon detektè lafimen se ta soti deyò!

